

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab dipedar lima hal anu aya patalina jeung métode panalungtikan, nya éta wangenan operasional (3.1), nangtukeun sumber data (3.2), pakakas panalungtikan (3.3), téhnik ngumpulkeun data (3.4), téhnik ngolah data (3.5)

#### **3.1 Wangena Operasional**

Isltilah-istilah nu dipaké dina ieu panalungtikan di antarana nya éta.

- 1.) Paripolah awak nya éta sagala polah atawa laku anggota awak nu mangrupa kecap pagawéan.
- 2.) Kecap pagawéan nya éta kecap anu nuduhkeun kalakuan (aktif/pasif), najan nu ngalakukeuna teu nembongkeun gerak naon-naon tur euweuh nu dipigawéna.
- 3.) Basa Sunda mangrupa salah sahiji basa wewengkon nu aya di Indonesia, nya éta di daerah Pasundan.
- 4.) Bahan pangajaran mangrupa salah sahiji komponén anu penting dina sistem pangajaran anu kudu ditepikeun ku guru ka siswa.
- 5.) SMP (Sekolah Menengah Pertama) nya éta tempat dilaksanakeuna pangajaran sabada Sakola Dasar (SD).

6.) Struktur nya éta mangrupa organisasi unsur-unsur basa nu dumuk polan jeung hartina; ilaharna runtuyan unsur-unsurna diatur maké pola anu ngaruntuy, linéar atawa sintagmatis.

7.) Semantis nya éta ulikan harti atawa élmu anu ngulik lambang-lambang anu nuduhkeun harti, patalina antara harti nu hiji jeung harti nu séjén, sarta pangaruhna kana kahirupan masarakat manusa.

Jadi paripolah anggota awak dina kecap pagawéan basa Sunda nya éta panalungtikan ngeunaan paripolah anggota awak dina kecap pagawéan basa Sunda ditilik tina struktur jeung semantik, pikeun dijadikeun bahan pangajaran di SMP.

### **3.2 Nangtukeun Sumber Data**

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh paripolah anggota awak anu mangrupa kecap pagawéan anu kapanggih tina buku *Peperenian* karangan Drs. Ahmad Hadi, Spk. jeung tina *Kamus Lengkap Sunda-Indonésia, Indonesia-Sunda, Sunda-Sunda* karangan Drs. Budi Rahayu Tamsyah. Tina éta sumber data ditangtukeun sakabéh paripolah anu mangrupa kecap pagawéan anu kapanggih pikeun dijadikeun subjek analisis tuluy dijieuun bahan pangajarannana pikeun siswa SMP.

### **3.3 Pakakas Panalungtikan**

Nyusun instrumen mangrupa salah sahiji pagawéan anu penting dina nyusun panalungtikan. Instrumén téh mangrupa alat pikeun ngumpulkeun data

sangkan hasilna leuwih hadé, sakumaha anu ditepikeun ku Arikunto (2002:136) yén

*Instrumén penelitian adalah alat atau fasilitas yang digunakan oleh peneliti dalam mengumpulkan data agar pekerjaannya lebih mudah dan hasilnya lebih baik, dalam arti lebih cermat, lengkap dan sistematis sehingga lebih mudah diolah (Arikunto, 2002:136).*

Pakakas pikeun ngumpulkeun data (instrumén) anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *kartu data*. Carana nangtukeunana nyaéta sakur kecap pagawéan anu patali jeung paripolah anggota awak anu kapanggih tina buku *Peperenian* jeung *Kamus Lengkap Sunda-Indonésia, Indonesia-Sunda, Sunda-Sunda* dicirian make gurat handap tuluy disalin. Sanggeus kitu, kartu data dipidangkeun (1) kecap pagawéan dina paripolah anggta awak (2) kode salinan kecap, kaca, jeung baris (3) anu dianalisisna ngawengku wangun jeung tafsiran ma'na.

#### Conto Kartu Data

1. abré-t-abrétan

(K/471/1)

Wangun : rajékan dirarangkénan

Ma'na : lumpat bari abré-t-abrétan

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode deskriptif. Ieu metode dipaké pikeun ngadéskripsiéun ma'na paripolah nu kapanggih dina kecap pagawéan basa Sunda.

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1.) Nyirian kecap pagawéan anu aya dina anggota awak, boh tina *buku Peperenian*, boh tina *Kamus Lengkap Sunda-Indonésia, Indonesia-Sunda, Sunda-Sunda*;
- 2.) Nyalin kecap pagawéan anu geus kapanggih tur dicirian kana instrumén nu mangrupa kartu data bari dicirian tukangna ku kode P (*Peperenian*) atawa K (*Kamus Lengkap Sunda-Indonésia, Indonesia-Sunda, Sunda-Sunda*), kaca, jajaran anu ditulis saperti (P/3/6);
- 3.) Nyusun kartu dumasar kana alfabet kecap pagawéan.
- 4.) Nyusun bahan pangajaran paripolah anggota awak dina kecap pagawéan pikeun siswa SMP.

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus sakabéh data kakumpul, data kecap pagawéan anu aya dina paripolah anggota awak téh tuluy diolah. Ngolah datana ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Mariksa deui kecap pagawéan anu geus aya dina kartu data kalayan taliti;

- 2) Ngadaftarkeun sakabéh kecap pagawéan sarta diruntuykeun sacara alfabetis katut nomer urutna;
- 3) Ngitung frékuénsi jeung persentaseu kecap pagawéan;
- 4) Nyieun papasingan kecap pagawéan dumasar kana wangun, jeung ma'na paripolah anggota awak;
- 5) Nafsirkeun jeung nyindekkeun ngeunaan ma'na paripolah anggota awak dina kecap pagawéan
- 6) Nyieun bahan pangajaran paripolah anggota awak dina kecap pagawéan pikeun siswa SMP.